# Aplike pou Benefis Piblik

## Sityasyon Imigrasyon:

Ou menm ak fanmi ou gen sityasyon imigrasyon yo rele "Kiben/Ayisyen ki Antre" (CHE). Sa vle di ke ou se moun ki gen nasyonalite Kiben oswa Ayisyen ki aktyèlman nan pwosedi imigrasyon avèk swa Tribinal Imigrasyon Ameriken an oswa Biwo Azil la. Antanke Kiben/Ayisyen, ou kalifye pou benefis piblik nan men Commonwealth Massachusetts la. Gen yon kantite diferan dokiman ki verifye sityasyon "Kiben/Ayisyen ki Antre" yo. Si ou te depoze yon fòmilè Application for Asylum and Withholding of Removal (Aplikasyon pou Demann Azil ak Sispansyon Ekspilsyon) (Fòmilè I-589) bò kote U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) (Sèvis Sitwayènte Ameriken ak Imigrasyon), ou ta dwe gen tan resevwa yon "Akize de Resepsyon" (Fòmilè I-797, Notice of Action (Avi sou Aksyon). Si ou te travèse fwontyè a epi te finalman lage sou pwòp rekonesans ou oswa libète kondisyonèl pandan w ap tann pwosedi ekspilsyon devan Tribinal Imigrasyon Ameriken, ou ta dwe resevwa nan men Department of Homeland Security (DHS) (Depatman Sekirite Teritwa) "Notice to Appear" (Avi pou Parèt) (Fòmilè I-862), "Order of Release on Recognizance" (Òdonans Liberasyon sou Rekonesans) (Fòmilè I-220A), Fòmilè I-94 "Arrival/Departure Record," (Dosye Arive/Depa) ak/oswa DHS "Interim Notice Authorizing Parole." (Avi pwovizwa ki otorize libète kondisyonèl).

## Wòl Jesyonè Dosye w la:

Jesyonè Dosye w la pa ekipe oswa pèmèt pou ba ou okenn konsèy legal oswa pou ba ou èd nan prepare oswa ranpli fòmilè imigrasyon legal yo. Nou fòtman rekòmande ou kontakte yon avoka Imigrasyon ke ou chwazi pou pale plis sou ka imigrasyon ou ak pwochen etap yo ke ou dwe pran. Si ou pa konnen okenn avoka imigrasyon oswa reprezantan legal, tanpri mande Jesyonè Dosye w la pou yon lis enfòmasyon kontak founisè sèvis legal a bi non likratif nan eta Massachusetts ki espesyalize nan lwa imigrasyon.

Manadjè ka w la va kapab konseye w epi ba w enfòmasyon sèlman sou zafè ki gen rapò ak kalifikasyon ou, aksè a, ak aplikasyon pou benefis piblik tradisyonèl ak sèvis endikap, osi byen ke refere w bay lòt sèvis sipò ki disponib ak/oswa resous kominotè yo.

# Benefis Piblik:

"Kiben/Ayisyen ki Antre" **ki pa gen** timoun minè yo kalifye pou twa (3) kalite benefis:

**Nan men Massachusetts Department of Transitional Assistance (DTA):**

- SNAP (Supplemental Nutrition Assistance Program) Pwogram Asistans Nitrisyon siplemantè– *yo rele tou* "Food Stamps"
  https://dtaconnect.eohhs.mass.gov/

**Nan men Massachusetts Office for Refugees and Immigrants (MORI) Biwo Massachusetts pou Refijye ak imigran:**

- Refugee Cash Assistance (RCA) (Asistans Lajan pou Refijye) nan 8 mwa apati Dat ou te Antre
  Catholic Charities Boston/Jesyonè Dosye w la ka ede w aplike. Kontakte khiet_dang@ccab.org

**Nan men Massachusetts Office of Medicaid (Biwo Medicaid Massachusetts):**

Mass-Health pwoteksyon asirans medikal konplè (Mass-Health Standard, Care-Plus, oswa Children's Medical Security Plan)

SNAP—Haitian Creole

Nou rekòmande w pou aplike pou Mass-Health nan lopital lokal ou a oswa nan sant sante kominotè ou pou w ka jwenn aksè a Swen Ijans nan depatman Swen Ijan nan etablisman sa a oswa nan klinik san randevou pandan ke w ap tann aplikasyon Mass-Health ou a trete epi apwouve. Pou lokal yo ak enfòmasyon sou kontak lopital ak sant sante kominotè nan zòn ou an, tanpri mande jesyonè dosye w la. Ou ka aplike tou pou Mass-Health sou entènèt nan: https://www.mass.gov/how-to/apply-for-masshealth-the-health-safety-net-or-the-childrens-medical-security-plan

**Lè ou aplike pou benefis piblik, yo pral mande pou w soumèt dokiman sa yo pou pwouve ke ou ou ki kalifye pou benefis yo ke ou nan sityasyon "Kiben/Ayisyen Antrant":**

(1) yon dokiman ki montre ke ou gen sitwayènte oswa nasyonalite Kiben oswa Ayisyen (pa egzanp, yon Paspò Ayisyen, Lisans Chofè, oswa Batistè);

epi swa

(2)(a) dokiman ou te resevwa yo lè ou te lage nan prizon DHS sou fwontyè a (pa egzanp: Fòmilè I-862 DHS *Avi pou parèt* ak/oswa Fòmilè I-220A DHS L*age sou Pwòp Rekonesans*);

oswa

(2)(b) yon dokiman ki montre ke ou te depoze yon aplikasyon pou azil (pa egzanp: Fòmilè I-797 DHS, *Avi sou Aksyon/ Resi Akize de Resepsyon Aplikan pou Azil*).

# Enstriksyon Aplikasyon pou SNAP

Biwo DTA yo louvri kounye a pou aplikasyon an pèsòn. Ou ka jwenn biwo DTA lokal ou a lè l itilize sit entènèt sa a: https://www.mass.gov/orgs/department-of-transitional-assistance/locations?_page=1

**Pou w aplike sou entènèt, swiv enstriksyon anba yo – <u>TANPRI LI AK ATANSYON!</u>**

## Ranpli yon sèl aplikasyon pou yon fanmi

- Ale nan https://dtaconnect.eohhs.mass.gov/. Ou ta dwe rive nan yon paj ki sanble ak sa ki anba a.
- Si English (Anglè) se pa lang prensipal ou, ou ka chanje li lè w chwazi lang pa ou nan kwen dwat anlè a.



SNAP—Haitian Creole

- Klike sou “Apply SNAP!” (Aplike SNAP)




Apre, klike sou “Get Started” (Ann kòmanse)




- Reponn kesyonè a avèk enfòmasyon pèsonèl ou.
- Lè yo mande pou w bay yon Nimewo Sekirite Sosyal, klike sou “I don’t have one” (Mwen pa gen youn)




- Mete adrès aktyèl ou ansanm ak nimewo apatman an.
- Mete nimewo telefòn ou. SONJE - telefòn nan dwe aktif epi ou DWE kapab resevwa apèl telefònik



How does applying work?
About me
My household
Income
Expenses
Sign & submit

Need help or have feedback?
Contact us
Site Policies
© 2019 Commonwealth of Massachusetts

## My contact info

To submit an online SNAP application you must provide a mailing address and phone number. If you have any questions please call the Project Bread Food Source Hotline at 1-800-645-8333 or go to your local DTA office.

Is your household homeless?

Yes | No

What is your address?

Street Address

Zip | City | State: MA

Is this also your mailing address?

Yes, send mail there.

No, I use a different address for mail.

What is the best phone number to reach you? (Required)

What is your email address?

- Apre ou fin reponn tout kesyon yo klike sou “Continue” (Kontinye)
- konnen ke ou ka jwenn 1 mwa Benefis SNAP Ijans pandan y ap revize aplikasyon w lan pou SNAP regilye. Jis reponn onètman a kesyon yo



How does applying work?
About me
My household
Income
Expenses
Sign & submit

Need help or have feedback?
Contact us
Site Policies
© 2019 Commonwealth of Massachusetts

## Emergency SNAP benefits

Emergency SNAP benefits are an initial benefit that you may be eligible for while we review your application.

Does your income and money in the bank add up to less than your monthly housing expenses?

For example, if you have $100 worth of income plus money in the bank, but pay $101 for monthly housing expenses, select Yes.

Yes | No

Is your monthly income less than $150 and is your money in the bank $100 or less?

Yes | No

Are you a migrant worker and is your money in the bank $100 or less?

Yes | No

Go Back | Continue

SNAP—Haitian Creole

- Ou ka chwazi lang ou prefere pale la a.




- Kontinye reponn oswa refize kesyon sou etnisite ou ak ras ou. Konnen ke repons ou yo pa ka afekte kalifikasyon w



SNAP—Haitian Creole

- Fwaye ou dwe gen ladan mari oswa madanm ou ak pitit ou/timoun ki poko gen 22 lane k ap viv avèk ou ak/oswa moun ou achte manje ak kwit manje avèk yo plis pase 2/3 fwa




- Kesyon sou andikap aplike sèlman a ou menm ak/oswa pou manm nan fwaye w



SNAP—Haitian Creole

- Èske ou menm oswa nenpòt moun nan fwaye ou gen nenpòt sous revni oswa benefis?






SNAP—Haitian Creole

- Rapòte depans ou nan seksyon sa yo

dta connect

- ✓ How does applying work?
- ✓ About me
- ✓ My household
- ✓ Income
- Expenses
  - Housing and Utility Costs
  - Child Support Costs
- Sign & submit

# Almost there!

**This last section is about**

- Housing and utility costs
- Caring for kids and adults
- Child support
- Medical expenses

Any information you provide here will provide a more accurate benefit amount.

Go Back | Continue

You can legally stop and submit your application now. However, we encourage you to keep going and make the rest of the process easier.

dta connect

- ✓ How does applying work?
- ✓ About me
- ✓ My household
- ✓ Income
- ✓ Expenses
  - Housing and Utility Costs
  - Child Support Costs
- Sign & submit

Need help or have feedback?
Contact us

Site Policies

© 2019 Commonwealth of Massachusetts

# Tell us about your housing costs

Please include the costs you are responsible for paying even if you are behind or not able to pay them.

Does your household have any utility costs?

- ☐ Heat (oil, gas, electricity or propane, etc.)
- ☐ Electricity for an air conditioner
- ☐ A fee to use an air conditioner
- ☐ Electricity and/or gas
- ☐ Phone or cell phone service
- ☐ None

What type of housing cost does your household have?

- ☐ Rent
- ☐ Mortgage
- ☐ Property Taxes
- ☐ Home Insurance
- ☐ Condo Fee
- ☐ None

- Kesyon sou "Depans pou frè alimantè timoun" pa aplike pou ou sof si yon jij nan Tribinal Fanmi te ba ou lòd pou fè peman bay manman oswa papa pitit ou




- Apre ou fin reponn a kesyonè a, klike sou "I agree to the terms" (Mwen dakò ak tèm yo) epi tape non ou kòm siyati. Pou fini klike sou "Submit Application" (Soumèt Aplikasyon an)



- Si ou soumèt aplikasyon an avèk siksè, ou ta dwe rive nan yon paj konfimasyon ki sanble ak sa a. Ou ta dwe sere Nimewo Aplikasyon an epi telechaje aplikasyon ou pou kenbe pou dosye pa ou.
- Nou ankouraje w anpil pou kreye yon kont sou entènèt pou jere ka w la avèk DTA. Kont lan ap rann li pi fasil pou swiv sitiyasyon aplikasyon benefis ou, pou li avi DTA yo, epi pou soumèt dokiman bay DTA pou verifye enfòmasyon sou ka w la.

English

# Aplikasyon SNAP ou an te soumèt!

**Nimewo Aplikasyon w lan: 12345678**

Li ta bon pou ou telechaje aplikasyon w lan pou referans pou pi ta.

DTA ap revize Aplikasyon SNAP ou an. Si nou bezwen plis enfòmasyon, nou va rele ou epi nou va voye ba ou yon lis de kisa nou bezwen.

An rezon de volim elve akòz COVID-19, tanpri pa rele nou sof si ou ta gen kesyon sou yon bagay, nou voye ba ou.

**Kisa ki vin Apre?**

**Kreye yon kont** pou swiv sityasyon dosye a, gade dokiman nou voye ba ou, telechaje dokiman, tcheke balans ou, ak plis ankò!

Nou sèlman bezwen entèvyou ou si nou bezwen dokiman nan men ou. Men yon lis dokiman ki pi komen nou bezwen yo.

Ou ka soumèt dokiman ou yo kounye lè w Kreye yon Kont sou Entènèt! Ou pa gen dokiman ou yo? Pa enkyete w! Ou ka rete tann anvan ou soumèt bagay sa yo jiskaske nou di ou kisa nou bezwen.

Gen anpil lòt fason pou soumèt dokiman ba nou. Dekouvri plis

**Kreye yon kont sou entènèt**

Oswa sòti san ou pa telechaje okenn dokiman

## Kisa ki vin Apre?

Aprè ou fin soumèt aplikasyon SNAP ou ta dwe espere yon apèl nan telefòn nan men yon travayè DTA nan lespas 5 jou. Travayè DTA a ap rele ou nan menm nimewo telefòn ou te bay nan aplikasyon an.

Lè travayè DTA a apèl ou, yo pral mande w plis enfòmasyon sou:

- Sityasyon imigrasyon (Kiben/Ayisyen ki Antre)
- Manm fanmi an (non, dat nesans, sitwayènte, elatriye.)
- Sous revni ak depans lojman (si genyen)

Tanpri, ou dwe egzak ke posib lè ou bay enfòmasyon. **Peye atansyon a òtograf epi dat yo**.

**Pandan apèl telefònik la, mande travayè DTA a bagay sa yo:**

- **nimewo ID AJANS ou;**
- **non ak nimewo telefòn travayè DTA ki deziyen pou okipe dosye w la; epi**
- **"9 - 9 nimewo a" ("nimewo nèf nèf), " yo rele tou "nimewo sekirite sosyal fantòm," ke DTA deziyen pou ou menm. Nimewo sa a pral ranplase tanporèman Nimewo Sekirite Sosyal nan sistèm DTA a jiskaske ou kalifye pou aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal reyèl.**

**Di travayè DTA a ke ou bezwen "nimewo 9 -9" la yon fason pou w kapab soumèt dokiman ke yo mande w yo. EKRI NIMEWO SA YO SOU PAPYE!!**

Aprè entèvyou nan telefòn lan ou pral kòmanse resevwa detwa lèt nan men DTA pa lapòs. Li vrèman enpòtan ke non ou sou bwat a lèt kay la. Li vrèman enpòtan ke ou konprann sa yo di nan lèt yo oswa kisa yo mande pou w fè. Gen Sèvis tradiksyon disponib nan lang ou, atravè DTA, si ou rele nimewo ke yo bay nan yon feyè ki anndan lèt ke ou te resevwa yo nan men DTA.

**DTA a kapab pran jiska 30 jou pou trete aplikasyon w lan. Si ou resevwa yon lèt refi nan men DTA, tanpri kontakte Charite Katolik nou yo/Jesyonè Dosye w la epi voye yon kopi lèt refi DTA a bay** khiet_dang@ccab.org

# Soumèt Dokiman bay DTA a

- DTA a pral egzije ke ou soumèt dokiman pou verifye sèten enfòmasyon esansyèl pou yo ka konfime kalifikasyon w pou benefis yo.
- Ou ka soumèt dokiman yo pa lapòs, faks, an pèsòn nan biwo lokal DTA w la, oswa atravè kont DTA-Connect ou sou entènèt oswa sou app mobil DTA-Connect (ki disponib pou telechaje gratis sou Apple or Google Play stores). Si ou soumèt dokiman pa faks oswa pa lapòs, ou oblije ekri nimewo ID Ajans DTA ou oswa "nimewo 9-9" sou tèt chak paj ou voye.
- Lè DTA a rele w, yo va ba ou plis enstriksyon sou fason pou w soumèt dokiman yo bay DTA a. Epitou, ou pral resevwa yon lèt nan men DTA, ki rele yon "Verification Checklist," (Lis verifikasyon), ki pral ba ou enstriksyon alekri sou fason pou w soumèt dokiman yo.

**Ou dwe soumèt kopi dokiman sa yo ki mansyone a yon fason pou aplikasyon SNAP ou a kapab apwouve:**

**Verifikasyon Idantite ak Dat Nesans:** paspò a, lisans chofè, **oswa** batistè pou tout granmoun ki abite nan fwaye ou

**Verifikasyon Siyasyon "Kiben/Ayisyen" ki kalifye pou Benefis ou yo:** (pou chak manm fanmi an)

(1) yon dokiman ki montre ke ou gen sitwayènte oswa nasyonalite Kiben oswa Ayisyen (pa egzanp, yon Paspò Ayisyen, Lisans Chofè, oswa Batistè);

epi swa

(2)(a) dokiman ou te resevwa yo lè ou te lage nan prizon DHS sou fwontyè a (pa egzanp: Fòmilè I-862 DHS *Avi pou parèt* ak/oswa Fòmilè I-220A DHS L*age sou Pwòp Rekonesans*);

oswa

(2)(b) yon dokiman ki montre ke ou te depoze yon aplikasyon pou azil (pa egzanp: Fòmilè I-797 DHS, *Avi sou Aksyon/ Resi Akize de Resepsyon Aplikan pou Azil*).

**Verifikasyon rezidans ou nan Massachusetts**: ekri epi siyen yon lèt ki deklare ke w ap viv nan adrès kote ou rete a epi nonmen nenpòt mari oswa madanm oswa timoun k ap viv avèk ou. Oswa ou ka itilize “Shared Housing Verification Form,” (Fòmilè Verifikasyon Lojman Pataje) DTA a, ki dwe siyen pa moun ki nan kay oswa apatman w ap viv la. Fòmilè sa a disponib la:
https://eohhs.ehs.state.ma.us/DTA/PolicyOnline/olg%20docs/form/10/vla.pdf